

Konferans pou laprès Miami-Dade sou Pwogram Soulajman Mèt Kay

- Mwen fyè pou mwen la jodi a, ansanm ak Komisyonè Konte Higgins, lidè biznis ak militan nan kominote nou an, pou pale sou etap nou ap pran pou bay soulajman a sa yo ki sibi enpak pandemi an.
- Pou pwemye fwa nan prèske yon ane nou ka wè limyè a nan fen tinèl la, pandan distribisyon vaksen ap ogmante nan tout peyi a ak nan Konte Miami-Dade. Men, nou dwe tann anpil mwa toujou anvan nou rive a yon iminizasyon kominotè jeneralize e nou dwe kontinye pwoteje lavi ak mwayen pou viv pandan kriz sante piblik ak ekonomik sa a.
- Moratoryòm federal sou degèpisman an sove lavi lè li kenbe moun an sekirite lakay yo ak nan anpeche pwopagasyon viris la. Moratoryòm lokal la te ede asire ke otorite ki la pou fè respekte lalwa Miami-Dade itilize resous limite li yo pou ede pwoteje rezidan nou yo nan mitan yon kriz istorik sante piblik.
- An menm tan, nou dwe sove mwayen pou viv, evite frappe mèt kay yo, ak ede ti biznis yo ki te soufri gwo difikilte finansye.
- Avèk yon nouvo kantite \$60 milyon fon sekou federal, nou va bay soulajman a mèt kay ki gen òdonans depoze nan Depatman Lapolis Miami-Dade ak lokatè ki ap fè fas a degèpisman . Pwogram soulajman sa a va peye mèt kay yo lwaye ki anreta avèk òdonans jiska mwa mas 2020, ak yon maksimòm lwaye \$3,000 pa mwa.
- Mwen ap anonse tou ke apati 5 mas, konte a va rekòmanse sèvis òdonans pou degèpisman komèsyal sèlman. Moratoryòm degèpisman rezidansyèl la, ki anba dispozisyon federal, toujou an plas pou pwoteje fanmi ki vilnerab ak sante piblik.
- Administrasyon mwen an ap travay ansanm ak gwoup dwa mèt kay ak lokatè e mwen fyè dèske militan tou de bò yo vin pote kole ak mwen jodi a.
- Nou va tande tou Depatman Lapolis Miami-Dade ki ap travay pou deplwaye resous pou sipòte mèt kay ki ap fè fas a ka okipasyon kriminel, ke moratoryòm lan pa pwoteje.
- Lè nou travay ansanm, nou va kontinye pwoteje fanmi ki vilnerab yo ak bay soulajman a mèt kay ki te frappe anpil yo pandan nou ap kenbe kominote nou an an sekirite nan chapit final sa a nan pandemi an.
- Kounye a, mwen ap bay lapawòl a Komisyonè Konte Eileen Higgins ki se yon militan ki pale anpil pou fanmi ak busines nou yo pandan kriz sa a pou li di kèk mo.